



Pou Piblikasyon Imedya: 08/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OPSYON POU MOUN RANPLI TAKS AK RESOUS ELEKTWONIK GRATIS KI DISPONIB ALAVANS DELÈ 15 AVRIL LA

Sèvis Gratis yo gen Ladan Asistans pou Ede Moun Ranpli Taks an Pèsòn ak sou Entènèt, epi Swiv Ransbousman yo sou Entènèt

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon bann varyete resous ak sèvis gratis ki disponib pou ede Nouyòkè yo ranpli obligasyon depozisyon taks yo avan delè 15 Avril la. Kontribiyab ki elejib yo ka prepare ak depoze deklarasyon taks yo gratis sou entènèt lè yo itilize lojisyèl ki disponib sou sitwèb Depatman Fiskalite a (Tax Department). Anplis de sa, moun k ap ranpli taks yo ka swiv ranbousman yo sou entènèt san yo pa peye frè epi yo ka kominike dirèkteman ak Depatman Fiskalite a.

“Sezon taks sa a pa bezwen ni konplike ni chè”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ansanm sèvis ak konsèy elektwonik gratis sa a pral ede rasyonnalize pwosesis deklarasyon taks la, epi mwen ap ankouraje tout Nouyòkè ki elijib yo pou yo pwofite itilize resous sa yo.”

Asistans ki Disponib pou Ranpli Deklarasyon Taks Gratis An Pèsòn

Kontribiyab ki gen yon revni bri ajiste 66,000 dola oswa mwens an 2018 yo ka pwofite de opòtinite sa pou yo ranpli deklarasyon taks yo sou entènèt san danje epi nan yon fason efikas sou sitwèb ki ofri asistans fiskal gratis yo.

Ekspè nan Depatman Fiskalite a yo pral disponib nan chak lokalite pou ede Nouyòkè ki gen revni fèb ak revni modere yo atravè pwosesis deklarasyon taks yo gratis. Nan kèk lokalite y ap kapab ede kontribiyab yo tou nan divès lang, pami yo Arab, Bengali, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Italyen, Japonè, Koreyen, Ris, Panyòl, ak Oudou.

Dapatman Fiskalite a ap agrandi prezans li sou kanpis inivèsite toupatou atravè Eta New York la yo ane sa a. Atravè yon patenarya nou fè ak sèt inivèsite kominotè diferan toupatou nan Eta New York, Depatman Fiskalite a ap ede etidyan, pwofesè ak anplwaye inivèsite yo prepare ak depoze deklarasyon taks sou revni yo gratis sou entènèt.

Chache fraz “Asistans Fiskal Gratis” (Free Tax Assistance) sou www.tax.ny.gov pou w jwenn pwogramasyon dat, lè ak tout lokalite onivo eta yo kote w ka ale nan sesyon pou w ranpli deklarasyon taks ou. Paj sa a bay detay tou sou dokiman ak enfòmasyon enpòtan ou dwe pote lè w ap vin nan sesyon pou w ranpli deklarasyon taks ou a.

Lojisyèl Preparasyon Taks ki Disponib Gratis sou Entènèt

Si w elijib, ou ka jwenn aksè epi itilize menm lojisyèl gratis sa yo tou pou w ranpli deklarasyon taks sou òdinatè w, telefòn entèlijan w, oswa tablèt ou sou www.tax.ny.gov olye ou ale an pèsòn nan yon sit asistans fiskal gratis.

Chache fraz “Deklarasyon Taks Gratis” (Free File) sou sitwèb Depatman Fiskalite a pou sit la ka voye w nan lojisyèl pou preparasyon taks la. Lojisyèl pou preparasyon taks la ap ede redui erè nan deklarasyon taks yo ki kapab retade tretman deklarasyon yo ak ranbousman yo. Li anpeche tou ke yo neglije kredi presye yo.

Aplikasyon elektwonik yo pi sekirize epi pi efikas ke si ou voye deklarasyon papye yo atravè lapòs. Yo ranpli epi prepare anviwon 92 pousan nan tout deklarasyon taks sou revni pèsonèl nan New York yo sou entènèt. Tout deklarasyon yo, kit yo ranpli yo yon fason elektwonik oswa sou papye, yo ap pase anba menm revizyon sistematik lan.

Si w deside peye yon moun pou prepare taks ou, chache fraz “Peye pou Preparasyon Taks” sou sitwèb Depatman Fiskal la pou w revize ti konsèy pou asire ke moun w ap peye a diy konfyans ou epi li fyab.

Verifye Eitati Ranbousman Taks ou a

Kontribiyab yo ka wè estati ranbousman taks Eta New York yo a nenpòt ki moman lè yo chache fraz “Verifye Ranbousman w lan” (Check your Refund) sou sitwèb Depatman Fiskalite a: www.tax.ny.gov. Zouti “Verifye Ranbousman w lan” ke yo mete ajou chak jou a se fason ki pi rapid ak pi efikas pou w konnen lè pou w atann ranbousman w lan. L ap ba w menm enfòmasyon ki disponib pou reprezantan telefonik Depatman Fiskalite a yo—san w pa bezwen nan ret tann!

Ou ka jwenn lè y ap emèt ranbousman taks ou a tou lè w enskri pou w resevwa alèt imèl Depatman Fiskalite a yo. Vizite paj dakèy Depatman Fiskalite a sou www.tax.ny.gov epi chwazi abònè nan espas anba paj la.

Pa Rate Anpil Milya Dola nan Kredi Taks ki Disponib yo

Kontribiyab Eta New York la yo gendwa elijib pou kredi taks sou revni travay yo (earned income tax credits, EITC), sa ki ka redui montan taks yo dwe a anpil oswa ofri travayè ak fanmi ki gen revni fèb oswa modere yo yon bon valè ranbousman.

Pou ane fiskal 2018 la, kantite maksimòm total EITC federal, eta ak Vil New York la se 8,682 dola pou yon fanmi ki gen twa pitit. Yo eksplike egzijans elijiblite yo sou sitwèb Depatman Fiskalite a.

Kominike Dirèkteman ak Depatman Fiskalie a

Si w resevwa yon lèt ki mande pou w bay dokiman pou sipòte enfòmasyon w mete nan deklarasyon taks ou a, sa pa vle di ke w te fè erè. Se youn nan plizyè etap Depatman Fiskalite a pran pou l asire ke deklarasyon ak ranbousman taks yo reklame yo kòrèk. Objektif yo se pou mete fren nan deklarasyon taks ak reklamasyon ranbousman yo doute yo, men se pa pou yo kreye reta nan ranbousman yo dwe yo.

Meyè mwayen kominikasyon ak Depatman Fiskalite a se pou w mande kominikasyon elektwonik pou Bil ak Avi ki Asosye ak Bil yo, ak Lòt Notifikasyon yo nan fason ki annapre a:

1. Konekte sou kont Sèvis Elektwonik aktyèl ou a oswa kreye youn sou www.tax.ny.gov.
2. Chwazi non w nan kwen sou lamèn dwat paj dakèy Rezime Kont ou an.

3. Chwazi Preferans, epi apre sa Chwazi Kominikasyon Elektwonik nan meni dewoulan.
4. Nan paj Kominikasyon Elektwonik lan, chwazi bwat ki bò kote Bil ak Avi ki Asosye ak Bil yo, ak Lòt Notifikasyon yo.

Si w chwazi toude opsyon yo, Depatman Fiskalite a pral voye yon imèl ba ou lè yo emèt ranbousman w lan epi y ap alète w de nenpòt korespondans y ap voye ba w alavni.

Pou w reponn yon lèt oswa yon avi nan yon fason sekirize, ou dwe senpleman konekte nan kont Sevis Elektwonik ou an epi itilize sèvis elektwonik Reponn a yon Avi Depatman an. Se fason ki pi fasil ak pi rapid pou w bay Depatman Fiskalite a plis enfòmasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)